

Chapit 5. Pèsonèl elèv  
Seksyon 5.06

Règleman 5.06 **Egzamen sante ak Vaksen**

A. Egzamen sante.

1. Tout timoun ki elijib pou antre nan:
  - a. Matènèl;
  - b. Jadendanfan;
  - c. Setyèm (7<sup>yèm</sup>) ane;
  - d. Tout lòt klas ki se kòmansman yon sik etid

dwe bay yon sètifika oswa konfimasyon yon egzamen sante ki te fèt en (1) an avan elèv la te enskri lekòl.

2. Lè elèv la antre lekòl, li genyen jiska trant (30) jou pou li bay sètifika oswa konfimasyon egzamen sante pou lekòl la.
3. Distri a dwe mete lwa nan plan sèvis sante pou lekòl li a pou fasilite elèv yo fè egzamen sante yo.
4. Yo dwe bay tout elèv egzanpsyon pou egzijans egzamen sante a si paran oswa responsab li fè yon demand alekri kote li bay objeksyon pou egzamen sa yo baze sou fwa relijyez li.
5. Tout elèv k ap antre nan yon lekòl nan rejyon Palm Beach dwe fè yon tès tuberculin ("T.B.") kòm yon pati nan egzamen fizik li yo.

B. Vaksen.

1. Avan pou yon elèv antre lekòl, li dwe bay oswa genyen nan achiv li ki nan Distri a yon konfimasyon vaksen pou prevansyon kont maladi kontajyez Depatman sante Florid mande pou yo pran vaksen pou yo.
2. Konfimasyon sa yo dwe fèt sou fòm Depatman sante Florid bay epi yo apwouve. Fòm sa yo dwe fè pati dosye pèmanan elèv yo, epi yo dwe transfere yo lè elèv la transfere, ale nan klas siperyè oswa chanje lekòl.
3. Lwa sou vaksen nan seksyon sa a pa dwe aplike si:
  - a. Egzanpsyon relijye. Paran oswa responsab la bay administrasyon an objeksyon alekri sou vaksen ki an konfli ak fwa oswa pratik relijyez li
  - b. Egzanpsyon medikal pèmanan. Yon medsen ki lisansye anba lwa ki nan chapit 458 oswa chapit 459 sètifye alekri, sou yon fòm Depatman sante Florid bay ak apwouve, ke timoun nan ta dwe genyen yon egzanpsyon pèmanan pou vaksen yo mande l pou l pran yo baze sou rezon klinik valid oswa evidan, ki demontre bezwen pou yon egzanpsyon pèmanan.
  - c. Egzanpsyon medikal tanporè. Yon medsen ki lisansye anba lwa ki nan chapit 458, 459 oswa chapit 460 sètifye alekri, sou yon fòm Depatman sante Florid bay epi apwouve, ke timoun nan te resevwa otan vaksen ke li ta dwe pran sou plan medikal epi li nan pwosesis pou li fini pran lòt vaksen ki nesèsè yo.
  - d. Egzanpsyon Depatman Sante Florid. Depatman sante Florid detèmine, ke dapre estanda yo rekonèt nan pratik medikal, genyen yon vaksen yo mande ki pa nesèsè oswa ki danjere.
  - e. Egzanpsyon tanporè Distri a. Yon ofisyèl lekòl ki otorize bay yon egzanpsyon tanporè, pou yon peryòd ki pa depase trant (30) jou lekòl, pou pèmèt yon elèv ki transfere nan rejyon Palm beach soti nan yon lòt rejyon nan eta Florid ale lekòl jiskaske yo resevwa enfòmasyon ki nan achiv li.
4. Dapre lwa § 232.032(4)(b), Yo pa dwe rann ni yon manm Komite dirijan distri a ni yon anplwaye l yo responsab pou domaj yon elèv ki genyen obligasyon pou li pran vaksen ta sibi lè yo ba li vaksen an.
5. Paran oswa responsab elèv yo admèt antre nan distri a, soti nan matènèl pou rive nan klas 12<sup>yèm</sup> ane, responsab pou fè sèten pitit yo obeyi lwa Florid § 232.032, Fla. Stat.

6. Distri a kapab refize nenpòt elèv antre lekòl menm lè li ta elijib pou li antre nan klas matènèl oswa lòt klas, si li pa obeye lwa § 232.032(2), Fla. Stat.
7. Distri a dwe ekspilse tout timoun ki genyen yon egzansyon medikal tanporè ki ekspire jiskaske li bay dokiman ki konfòm.

OTORITE LEGAL: § 230.23(17); 230.23005, Fla. Stat.

LWA ANVIGÈ: § 232.0315, Fla. Stat.

KÒD ADMINISTRATIF 6A-6.024

ANVIGÈ:

DOSYE ISTORIK: 11/54; 1979; 1981; 4/6/83; 5/19/99